# PSIXOLOGIYA ILIMLERI

## MOTOR ALALIYALÍ BALALARDÍŃ PSIXOMOTOR ÓZGESHELIKLERI HÁM OLARDÍŃ SOYLEWINDEGI NUQSANLARÍ

**Z.G.Ajimova** – *stajyor oqıtıwshı*
*Ajiniyaz atındaģı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** alaliya, motor alaliya, psixologik jarayonlar, idrok, fonematik idrok, motorika, mayda qo‘l motorikasi.
**Ключевые слова:** алалия, мотор алалия, психологические процессы, восприятие, фонематическое восприятие, моторика, мелкая моторика.
**Key words:** alalia, motor alaia, psychological processes, perception, phonemic awareness, motor skills, fine motor skills.

Sóylew iskerligi insannıń tiykarģı psixologiyalıq iskerliklerinen biri bolıp esaplanadı. Sóylewdiń rawajlanıwı barısında insan pikirlewine járdem beretuģın joqarı psixologiyalıq processler qáliplesedi. Sóylewdiń normal rawajlanıwı ádette mektepke shekemgi jastıń aqırında juwmaqlanadı hám balanı mektepke tayarlawda áhmiyetli rol oynaydı. Sóylewde patalogiyalardıń baqlanıwı tikkeley balanıń psixologiyalıq funkciyalarınıń rawajlanıwına óz tásirin tiygizedi.

«Alaliya» (grekshe a-joq, latınsha lalio –sóylew) –bul sózlerdi ayta alıw hám pikirlerdi ańlata alıw qábiletiniń kem rawajlanģanlıģı yamasa tolıq joqlıģı menen xarakterlenetuģın patologiyalıq jaģday bolıp tabıladı. R.Koen (1888), A.Gutcman (1924), E.Freshels. M.Zeeman hám basqalardıń pikirinshe, alaliya balanıń ana qarnında yamasa rawajlanıw basqıshında ayazlaw yamasa alimentar trofikalıq zat almasıwınıń patolodiyalıq procesi nátiyjesinde kelip shıģadı.

Bul sóylew nuqsanı miy yarım sharınıń sóylewge juwap beriwshi oraylarınıń zaqımlanıwı nátiyjesinde júzege keledi. Bul zaqımlanıw hámileniń ana qarnında rawajlanıw dáwirinde yamasa erte balalıq dáwirinde sóylew qáliplesemen degenshe payda bolıwı múmkin. Alaliya sóylew nuqsanı bar bolģan balalarda sóylew rawajlanıwında keshigiwler, sóz baylıģı sheklengen, sawatqanlıq dárejesi pás, seslerdiń aytılıwı hám sóz dúzilisi menen baylanıslı mashqalalar bar boladı. Biraq, intellektual qábiletlerine hám esitiw qábiletine ádette tásir bolmaydı.

Alaliya mektepke shekemgi jasdaģı balalar arasında shama menen 1%, mektep jasındaģı balalarda bolsa 0,6-0,2% de ushraydı. Ortasha, alaliya xalıqtıń 0,1% de ushraydı dep shamalawımız múmkin. Avtorlardıń tastıyıqlawınsha, bul sóylew buzılıwı qızlarģa qaraģanda ul balalarda 2 márte kóbirek ushraydı [2:193].

Kóbinese alaliya qáliplesiwi bir neshshe patologiyalıq faktorlardıń birgelikte tásiri menen baylanıslı bolıp, bul miydiń minimal disfunkciyasınıń rawajlanıwına alıp keliwi múmkin, bul ruwxıy rawajlanıwda artta qalıwshılıq, sonıń menen birge sóylew buzılıwları menen xarakterlenetuģın quramalı sóylew buzılıwı bolıp esaplanadı.

Alaliya – sóylewdiń sistemalı rawajlanbaģanlıģı bolıp, onda sóylewdiń barlıq quramlı bólimleri: fonetikalıq-fonematikalıq tárepi, leksikalıq-grammatikalıq dúzilisi buzıladı. Alaliyadaģı sóylewli bolmaģan nuqsanlar arasında motor, sensomotor hám psixopatologiyalıq simptomlar ajralıp turadı [1:297].

V.A.Kovshikov (1985) sensor (impressiv) hám motor (ekspressiv) alaliya formaları ushrasadı dep kórsetedi.

Motor alaliya - bul oraylıq organikalıq xarakterdegi sóylewdiń sistemalı rawajlanbaģanlıģı bolıp, ol semantikalıq hám sensorimotor operaciyalardıń salıstırmalı saqlanıwı menen sóylew sózlerin jaratıw procesnde lingvistikalıq operaciyalardıń jetilispegenligi sebepli júzege keledi [1:300]. Yaģınıy motor (ekspressiv) alaliya forması sóylewdi payda etip shıģarıw ushın juwapker bolģan miy orayınıń zaqımlanıwı menen xarakterlenedi. Bunday jaģdayda, bala basqalar sóylewin túsinedi hám kórsetpelerge ámel ete aladı, biraq óz aldına seslerdi durıs ayta almaydı. Bul forma sheńberinde alaliyanıń afferent hám efferent túrleri ajralıp turadı. Birinshi jaģdayda, bala sóylew apparatınıń islewin qadaģalay almaydı hám nadurıs sesler shıģaradı, ekinshi jaģdayda, artikulyar háreketlerdi almastırıwda qıyınshılıqlar payda boladı, bul bolsa seslerdi izbe-iz aytıwdı qıyınlastıradı.

Alaliya sóylew nuqsanında balalarda tek ģana sóylew iskerligi qáliplespey ģana qalmastan, jáne motor hám psixikalıq kemshiliklerde baqlanadı. N.N.Trawgott keltirgen maģlıwmatlarģa qaraģanda oral apraksiyası alaliyalı balalardıń 10 procentinde baqlanadı. Olarda fizikalıq jetispewshilik, somatikalıq ázzilik baqlanadı [2:207].

Bunday balalarda áste qıymıldaw (háreketler ázziligi), ebeteysizlik (háreketler disskoordinaciyası), qopal háreketleniw (móljeldi anıq ala almaw) tormozlanıw baqlanadı. Motor iskerliktiń páseygenligi, ritmikliktiń jetispesligi, teń salmaqlılıqtı saqlay alıw qábiletiniń buzılıwı: bir ayaqta tura almaw, bir ayaqta sekire almaw, ayaq ushında hám tabanda júre almaw, top oynaģanda ılaqtırıp durıs jetkerip hám ózi qapshıp alıwda móljel ala almaw qıynalıw jaģdayları hám t.b. Sonday-aq alaliyalı balalarda mayda qol motorikasınıń rawajlanıwında da bir qansha qıyınshılıqlar baqlanadı. Qasıq uslawda, kiyimleriniń sádeplerin ildiriwde, ayaq kiyimleriniń bawların ildiriwde hám t.b. qıynaladı. Motor alaliyalı balalarda shebeqaylıq hám ambidekstriyanıń ústinligi haqqında maģlıwmatlar bar. Ayrım balalar qozģalıwshań, impulsiv, iskerlikte tártipsiz, júdá aktivlik baqlanadı. Basqaları kerisinshe erinshek, bosasqan, tormozlanģan boladı.

Motor alaliyalı balalardıń psixikasında da bir qansha ózgerisler boladı: joqarı psixikalıq funkciyalar yad, dıqqat, oylaw, qabıl etiw hám t.b jetispewshilikler baqlanadı. Yadtıń kólemi tarayadı, payda bolģan izlerdiń tez sóniwi, sóylew qozģatıwshıların uslap turıw sheklengenligi hám t.b. Ásirese, verbal yad zaqımlanģan boladı.

Kóriwdiń jaqsılıģı sebepli balalar materialdı ańsat eslep qala aladı, sóylew kóriw yadı bir qansha rawajlanģan boladı. Sóz tańlawdaģı qıyınshılıqlar balanıń ıqtıyarıy bayan etiw imkaniyatın shegaralaydı. Syujet baģdarın eslew procesinde, hádiyseler izbe-izliginde aktiv baģdarlardıń páseyiwi, aktiv qozģalıwshılardıń jetispewshiligi baqlanadı.

Ayrım alaliyalı balalarda sóylew nuqsanı menen birgelikte negativizm, óz kúshine isenbeslik, tez sharshaw. tez qáweterleniw, sál nársege qapa bolıw, zorıģıw jaģdayı, adamawılıq jaģdayı baqlanadı.

Qatarları hám úlkenler menen qarım-qatnasta sóylew nuqsanı sebepli qáte islep qoyıwdan, uyatqa qalıwdan qorqadı hám sózli qarım-qatnastı emes al ima-isharalar menen túsindirgendi maqul kóredi. Bul jámáátten ajralıp qalıwına jáne ruwxıy rawajlanıwınıń arqada qalıwına sebepshi boladı. Sonday-aq, gnosis, praksis, waqıt sintezi qáliplesiwinde qıyınshılıqlar, dıqqattıń qáliplespegenligi hám kólemniń tarlıģı, qabıl etiw hám basqa funkciyalardıń qáliplespegenligi baqlanadı.

Alaliya- medicinalıq, psixologiyalıq hám pedagogikalıq mashqala bolģanlıģı sebepli uzaq múddet dawam etiwshi kompleks korrekciyalıq islerdi talap etedi. Itibar sóylewdiń qáliplesiwine hám rawajlanıwına hár tárepleme jandasıwģa qaratıladı. Sóylewdiń rawajlanıwına járdem beriwshi hám biliw iskerliginiń jaqsılanıwına imkan beriwshi sóylewdiń barlıq funkciyaları rawajlanıwın támiyinlewge háreket etiliwi zárúr. Logopediyalıq korrekciya menen birge parallel túrde medicinalıq dári-dárman hám fizioterapiyalıq jár

demler ótkizilse nátiyje tabıslı boladı.

Logopediyalıq korrekciya procesinde hár túrli metod, usıllardan kompleks ráwishte paydalanıladı. Balanıń sóylew imkaniyatlarınan kelip shıqqan jaǵdayda jumıstıń wazıypa hám mazmunı anıqlanadı.

Tiykarǵı logopediyalıq jumıs sóylew iskerligi mexanizmlerin qáliplestiriwge qaratıladı: motiv, baylanıs baylaw maqseti, bayan etiwdiń ishki dástúri, onıń leksikalıq-grammatikalıq quralların tańlaw grammatikalıq dúzilis qáliplestiriledi.

Sóylew tájriybeni bayıtıw ushın bilimlerden sanalı paydalanıw uqıbı rawajlandırıladı, sóylew operaciyaların modellestiriwdi iyelew uqıbı arttırıladı.

Mayda qol motorikası rawajlanıwǵa itibar qaratıladı: sızıq tartıwǵa, boyawǵa, shtrixlawǵa úyretiledi, túyinler baylawǵa, mozaykalar hám geometriyalıq materiallardan naǵısar sızıw úyretiledi hám t.b. Eger balalar qol barmaqları háreketi rawajlanıwdan arqada qalsa, ol jaǵdayda sóylew rawajlanıwınan da arqada qalıwı dáliyllengen [3:112]. Qol háreketlerin shınıqtırıw processinde sóylew jaǵdayı bekkemlenedi.

Jumıstıń baslanǵısh basqıshlarında sóylewdiń psixofiziologiyalıq tiykarları qáliplestiriledi, balada qarım-qatnasqa zárúrlik sezimi oyatıladı.

Sóylewdegi nuqsanlar menen bir qatarda sóylewsiz kemshilikler saplastırıladı. Sóylew rawajlanıwı ushın áhmiyetli sanalǵan diqqat, qabıl etiw, ulıwmalastırıw, salıstırıw procesleri de qáliplestiriledi. Bul buyımlardı forma, reńi, úlkenligine qarap parıqlawǵa hám atawǵa úyretiledi. Dógerek-átirapqa múnásebeti boyınsha predmet jaǵdayın ajratıw hám atawǵa úyretiw alıp barıladı (joqarıda, ortada hám t.b.). Bul proceste oyınlardan paydalanıladı. Figura detalların parıqlaw boyınsha jumıs alıp barıladı. Kóp muǵdardaǵı elementleri bolǵan quramalı figuralar analiz etiledi, konstruktorlaw qábileti hám konstrukciyalardı parıqlaw rawajlandırıladı. Analiz, sintez operaciyaları, sóylewli bolmaǵan materialdı ulıwmalastırıw (salıstırıw, teńlestiriw, uqsatıw, predmetlerdiń uqsaslıǵı hám parıqtı ajratıw, belgileri boyınsha salıstırıw – reń, ólshem, forma), úyretilgen sebep-aqıbettiń óz-ara múnásebetleri sóylew qáliplesiwi ushın áhmiyetli sharayat jaratadı.

Sóylewdi rawajlandırıw ushın ritmika hám logoritmika usıllarınan paydalanıw tabıslı nátiyje beredi. Muzıka, sóz hám háreketler túrli shınıǵıwlarda uyǵınlasıp, háreket hám sóylew-háreket iskerligi qáliplestiriledi, balalardıń ritmikalıq, jeke hám ózligi rawajlanıwdaǵı úzilislerdi toltırıwdı támiynleydi.

Sóylewdi rawajlandırıw ushın bala ushın qolay dárejedegi qarım-qatnas ámeliyatı áhmiyetli bolıp esaplanadı: tanıs bolǵan sóz dizbekleri, tanıs sanlar menen ótkiziletuǵın jumıslar, dialog keyninen monolog sóylewden paydalanıp ótkiziletuǵın oyınlar menen hám t.b. lar. Ásteaqırın leksikalıq-grammatikalıq materal kólemi quramalılıǵı asıp baradı.

Sóylewdi dúzetiw isleri ámeliy predmetli iskerlik penen baylanıslı boladı. Bala óz háreketlerin túsiniwi qáliplestiriledi (men otırman, júgirip atırman, sekirip atırman).

Logoped balalarda aktiv dıqqatın, túsiniwin tárbiyalap barıw menen birgelikte, balanıń gápti aqırına shekem esitiwge, leksikalıq-grammatikalıq formalardı túsiniwge, soraw áhmiyetin túsiniw (Ne jep atırmız? Ne menen jep atırmız? hám t.b.) úyretilip barıladı.

Balalarda leksikalıq-grammatikalıq formalardı qollaw, intonatciya ústinen sanalı baqlaw arqalı tárbiyalanadı, flektiv múnásebetlerdi túshiniw bekkemlenedi, hár túrli birikpelerde sózler baylanısı, sóz hám grammatikalıq strukturalar izbe-izligi tarbiyalanadı.

Jumıs procesinde túrli analizatorlar esitiw, kóriw, taktil analizatordı qosıw áhmiyetli bolıp tabıladı. Bala buyım atamasın esitiwi, baqlap kóriwi, ım-ishara belgi menen kórsetip beriwi, atawı zárúr. Bunıń nátiyjesinde bala ańında qosımsha baylanıslar payda boladı, sóylew materialı bekkemlenedi.

Arnawlı logopediyalıq shınıǵıwlardan tısqarı waqıtta bala sóylewine talaptı kúsheytpew zárúr. Dıqqattı balanıń biliw iskerliginiń rawajlanıwına, mayda qol motorikasınıń, ulıwma motorikanıń rawajlanıwına, sezimlik-eriklik tarawınıń rawajlanıwına itibar qaratılıw kerek.

Sóylew múmkinshilikleri rawajlanǵan sayın bala sóylewi úlkenler tárepinen baqlanıp, óz betinshe sóylew sıpatına talap kúsheyip barıladı.

## Ádebiyatlar

1. Волкова Л.С. Логопедия: учебник для студ. дефектол. фак. пед. высш. учеб. заведений - 5-е изд., перераб. и доп. - М.: «Владос», 2006.
2. Аюпова М.Ю. Логопедия. -Тошкент: Узбекистон файласуфлари миллий жамияти нашриети. 2017.
3. Ковшиков В.А. Экспрессивная алалия и методы ее преодоления. 4-е издание, исправленное и дополненное. -Санкт-Петербург: «КАРО», 2018.

**REZYUME.** Maqolada alaliya nutq kamchiligida nutq buzilishi bilan psixomotor rivojlanishidagi, mayda qo'l motorikasi rivojlanishidagi farqlar, logopedik tuzatish mashqlari yordamida kamchiliklarini bartaraf etish yo'llari haqida so'z boradi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье говорится о различиях в развитии психомоторной и мелкой моторики рук при нарушениях речи алалия, путях устранения недостатков с помощью логопедических - коррекционных упражнений.

**SUMMARY.** The article talks about differences in the development of psixomovements and fine motor skills of the hands with alalia and speech disorders, and ways to eliminate deficiencies with the help of speech therapy - corrective exercises.

# СПОРТ ЖАМОАЛАРИДА ПСИХОЛОГИК ХИЗМАТ КЎРСАТИШНИНГ НАЗАРИЙ-МЕТОДОЛОГИК АСОСИ

**Т.Арзимбетов –** *ассистент ўқитувчи*
*Ўзбекистон давлат жисмоний тарбия ва спорт университети Нукус филиали*

**Таянч сўзлар:** инсон, психика, спорт жамоалари, психологик хизмат кўрсатиш, психодиагностика, босқич, тавсиф, усул, спорт фаолияти, такомиллаштириш.

**Ключевые слова:** человек, психика, спортивные команды, психологическая служба, психодиагностика, этап, характеристика, метод, спортивная деятельность, совершенствование.

**Key words:** human, psyche, sports teams, psychological service, psychodiagnostics, stage, characteristic, method, sport activity, improvement.

Маълумки, спорт жамоаларида олиб борилаётган психологик хизмат кўрсатиш, ўзининг ҳар жиҳатдан кенг кўламли йўналишларга эга эканлиги ва ҳар бир йўналишнинг ўзига хос мақсади ҳамда вазифалари борлиги билан алоҳида аҳамият касб этади. Бу вазифалар эса, албатта, махсус билимларга ва тажрибаларга эга бўлган амалиётчи психологлар томонидан амалга оширилади. Бугунги кунда барча ривожланган давлатларда спорт соҳасининг юқори даражадаги истиқболларини ўзига хос ижтимоий мақсадлар асосида ташкил этилган психологик хизмат амалиётисиз тасаввур этиб бўлмайди. Чунки ҳар қандай спорт турининг объекти ҳам, субъекти ҳам спортчи шахсининг айнан ўзи ҳисобланади. Спортчи шахси эса муайян ижтимоий таъсирлар асосида шаклланувчан ва жуда кўплаб ўзигагина хос бўлган бетакрор психологик